

Apèsi sou MetroCard Elèv

Ou gen dwa sa yo lè w itilize yon MetroCard Elèv

- Yon MetroCard ranplasman gratis si kat la pèdi, domaje oswa si yo vòlè l
- Yon lòt MetroCard ale-retou lè w mande pou aktivite lekòl la apwouve
- Itilize MetroCard elèv la pou twa vwayaj ak twa transfè chak jou lekòl la ap fonksyone; transfere gratis soti nan otobis la pou pran tren an, soti nan yon otobis pou pran yon lòt otobis, oswa soti nan tren an pou pran otobis la
- Asistans nan men manm estaf lekòl la sou itilizasyon apwopriye yon MetroCard oswa konsèy pou itilize transpò piblik

Tip MetroCard Elèv ki disponib

MetroCard konplè gratis yo pèmèt elèv yo vwayaje ale ak retounen lekòl ak nan aktivite ki gen rapò avèk lekòl yo nan otobis ak nan tren gratis; ale sou paj elijiblite pou transpò a pou plis enfòmasyon: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/transportation/bus-eligibility>.

Genyen yon MetroCard espesyal pou kat vwayaj pou elèv itinerè a mande plis pase yon transfè nan chak vwayaj; ou dwe mande tip kat sa a nan lekòl ou a.

Lòt tip MetroCard pou sèvis pwolonje oswa pwogram oswa aktivite lekòl la apwouve ka disponib nan kèk sikonstans epi lekòl ou a ak DOE dwe apwouve yo.

Ki tip aktivite lekòl yo apwouve?

Aktivite lekòl yo apwouve yo ka bagay sa yo ak lòt ankò; pwogram akademik tankou leson patikilye, kou preparasyon pou Regents akcollege-now, pwogram akademik jou samdi ak sèvis kominotè. Direktè lekòl yo detèmine ki aktivite yo konsidere kòm "ki gen rapò avèk lekòl" oswa "lekòl apwouve". Lè sa a, lekòl ou a ka bay MetroCards pou aktivite sa yo paske lekòl la pran responsablite pou aktivite a, menmsi li fèt andeyò salklas la ak lòt kote ki pa bilding fizik lekòl la.

Kisa k ap pase si yo refize ba w yon MetroCard elèv

Si yo refize w yon MetroCard ou mande nan lekòl ou a, ou ka kontakte Sèvis Kliyan OPT nan (718) 392-8855. Tanpri di ajan sèvis kliyan an yo te refize w yon MetroCard epi pran yon nimewo ensidan.

Si w gen kesyon

Tanpri kontakte lekòl la pou plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon sou MetroCard Elèv

<https://www.schools.nyc.gov/school-life/transportation/metro-cards>